# Нөкисте кең көлемли командирлик-штаб оқыў шынығыўлары өткерилди

Үш күн даўамында Айрықша жағдайлар министрлигиниң басшылығында Нөкис қаласында өткерилген командирлик-штаб оқыў шынығыўларында дерлик 2,5 мың пуқара ҳәм 200 арнаўлы техника, соның менен бирге оқыў процессинде айрықша жағдайлардың алдын алыў ҳәм бундай жағдайларда ҳәрекет етиў бойынша 40 қа шамалас шөлкем ўәкиллери қатнасты.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Шынығыўлар даўамында шәртли түрде жүз берген тәбийғый ҳәм техноген көринистеги айрықша жағдайлар шараятында қәнигелестирилген структуралардағы хызметкерлердиң барлық ҳәрекетлери қайта сынақтан өткерилди.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Оқыў шынығыўдың режесине муўапық, өрт келип шыққан имараттан адамларды эвакуация етиў, өртти өшириў, жәбирленгенлерге медициналық жәрдем көрсетиў ҳәм пуқараларды арнаўлы таярланған пунктлерге жайластырыў сыяқлы илажлар өткерилди.

Қарақалпақстан Республикасы Айрықша жағдайлар басқармасы